



UNJUK PALAPURAN BUPATI BANTUL

UPACARA HADEGING PRAJA KABUPATEN BANTUL INGKANG KAPING 195 WARSA 2026

HARI/TGL : SENIN, 20 JULI 2026
WAKTU : 08.00 WIB
TEMPAT : LAPANGAN TRIRENGGO



BUPATI BANTUL

ASSALAMUALAIKUM WR.WB.

SUGENG ENJING, SALAM KARAHARJAN, SHALOM, OM SWASTUASTU, NAMO BUDHAYA, SALAM KABAJIKAN, RAHAYU.

1. INGKANG MINULYA BAPAK GUBERNUR DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA, NGARSA DALEM SRI SULTAN HAMENGKU BUWANA INGKANG JUMENENG KAPING SEDASA.
2. INGKANG KINURMATAN JAJARAN FORKOPIMDA DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA SAHA KABUPATEN BANTUL.
3. INGKANG KINURMATAN PIMPINAN SAHA ANGGOTA DPRD KABUPATEN BANTUL.
4. INGKANG KINURMATAN BAPAK IBU BUPATI/WALIKOTA ING WEWENGKON DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA.
5. INGKANG KINURMATAN JAJARAN PIMPINAN INSTANSI VERTIKAL SIPIL SOHO MILITER, ING TLATAH DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA SAHA KABUPATEN BANTUL.
6. INGKANG KINURMATAN BAPAK BUPATI BANTUL SAHA WAKIL BUPATI BANTUL INGKANG SAMPUN PURNA MIWAH SAMPUN NATE NGASTA PEPRENTAHAN ING KABUPATEN BANTUL.

1. BAPAK KRT. SURYO PADMO HADININGRAT



BUPATI BANTUL

2. BAPAK SRI ROSO SUDARMO
3. BAPAK DRS. H. IDHAM SAMAWI
4. IBU HJ. SRI SURYA WIDATI
5. BAPAK DRS. H. SIGIT SAPTO RAHARJO
6. BAPAK DRS. H. SUMARMO, PRS.
7. BAPAK JOKO PURNOMO
8. BAPAK ADI BAYU KRISTANTO, SH., M.HUM
7. BAPAK SAHA IBU PENEWU, DANRAMIL, KAPOLSEK, LURAH, SAHA PARA PASARTA UPACARA INKGANG WINANTU ING KARAHAYON.
8. LAN SEDAYA TAMU UNDANGAN SAHA MASYARAKAT BANTUL INKGANG KEBAK ING KABAGYAN

HAMURWAKANI ATUR KEPARENGA KULA NGATURAKEN PUJI SYUKUR KONJUK ALLAH SWT. AWIT PARINGIPUN BERKAH, RAHMAT, SAHA HIDAYAHIPUN SAK TEMAH DINTEN MENIKA SAGED MENGETI HADEGING KABUPATEN BANTUL INKGANG KAPING SATUS SANGANG DASA GANGSAL TAUN, KANTHI TEMA “ ***DHARMANING SATRIYA AKARYA RAHARJANING NAGARI*** “.

BAPAK GUBERNUR INKGANG WINANTU PAKURMATAN,



BUPATI BANTUL

GEGAYUTAN KALIYAN HARI JADI KABUPATEN BANTUL
INGKANG KAPING SATUS SANGANG DASA GANGSAL
MENIKA, KULA HAMAKILI KAWULA SAHA PEMERINTAH
KABUPATEN BANTUL, KEPARENGA NGATURAKEN ROH
SPIRIT KRIDHANING PAMBANGUNAN ING KABUPATEN
BANTUL INKGANG AWUJUD NAWALA BUPATI, INKGANG
KABABAR KADOS ING NGANDHAP MENIKA ;

(GONGGONG.....GONG)

SETUNGGAL, NINGKATAKEN SUMBER DAYA MANUSIA
TUMRAP SEDAYA MASYARAKAT KANTHI
NULADHA JIWA SATRIYA PARA LELUHUR,
KANGGE MUJUDAKEN BANTUL INKGANG
MAJENG, KIYAT, DEMOKRATIS, SAHA
KARAHARJANING KAWULA.

KALIH, MUJUDAKEN GAPURANING KAMAKMURAN
LAN KARAHARJAN KAWULA KANTHI
NINGKATAKEN PANGANGGENING
SUMBER DAYA INKGANG KASEDYA
WONTENING BUMI BANTUL, KALEBET
TATA KELOLA TLATAH PESISIR SISI
KIDUL BANTUL.



BUPATI BANTUL

TIGA, MAWUJUDAKEN PRASARANA LAN SARANA
INFRASTRUKTUR INGKANG MURAKABI
SARTA RATA TUMRAP SEDAYA
MASYARAKAT, MINANGKA WUJUD
KEADILAN SOSIAL LAN NINGKATAKEN
AJINING GESANG LAN PANGGESANGAN
SEKAWAN, NINGKATAKEN GREGET GOTONG
ROYONG, GUYUB RUKUN, SAHA TEPA
SLIRA KANGGE MUJUDAKEN
KATENTREMANING KAWULA.
GANGSAL, NGGRENGSENGAKEN APARATUR
PAMARENTAH INGKANG PROFESIONAL,
RESPONSIF, LAN EMPATIK ANGGENIPUN
PARING LELADOSAN DHUMATENG
MASYARAKAT, KANTHI NGETRAPAKEN
INOVASI SAHA PENGUASAAN TEKNOLOGI
INFORMASI

(GONG.....GONG.....GONG)

BAPAK GUBERNUR INGKANG KINURMATAN,



BUPATI BANTUL

ING WANCI KEBAK KABINGAHAN MENIKA KEPARENGA
KULA NYUWUN, MUGI WONTENA KEPARENGIPUN BAPAK
GUBERNUR DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA PARING
PITEDAH, WEWARAH MIWAH PANYARUWE MURIH, BANTUL
MINDHAK MINDHAK SAE, MAJENG LAN AYEM TENTREM
GEMAH RIPAH LOH JINAWI.

CEKAP SEMANTEN UNJUK PALAPORAN KULA , ING
MBOKBILIH WONTEN KLENTA KLENTUNIPUN KEPARENGA
NYUWUN LUMUNTURING SAMUDRA PANGAKSAMI.

WASSALAMUALAIKUM WR.WB.
OM SHANTI SHANTI OM, NAMO BUDHAYA
SALAM KEBAJIKAN, RAHAYU.

BANTUL 20 JULI 2026

BUPATI BANTUL,

H. ABDUL HALIM MUSLIH